


**Mwari (Elohim) : Mwari ari Mutungamiri**

Betty Burton Choate.

**Mwari ndiye Mutungamiri: chiedza - muchinjikwa vepacavalry- njiva yeMweya Mutsvene - uye shoko, rinova chipo cheruponeso mukuunza vanhu vake muruponeso rwaMwari vavo.**

**Mwari(Elohim): Mwari. ari Mutungamiri.**

Nava Betty Burton Choate.

Kutanga Kwedu kuzviisa kuti anonzi Mwari ndiani? Muchikamu chekutanga mundima yekutanga yebhuku rekutanga mubhaibheri tinovana mhinduro: mubhuku ramavambo (Genesisi). Mukuverenga zvakanaka bhaibheri tinoona kuti hapana Mwari paonoedza kutsanangurira vanhu kuti anorarama, asi zvakataurwa kuti zvive hwaro yechokwadi inoratidza kuti ariko.

Zvino inzwi redu rechirungu harikwanise kudibuditsira pachena zvinotaurwa neshoko pamusoro paMwari. Kunesu tinoverenga sezita rimwe chete risina kana rimwe raringafananidzwa naro.

Asi kuchiHebheru unova mutauro vaakashandiswa kunyorwa kwebhaibheri. "EL" inzwi iri rinodudzira chinhu chisinakufanana nechimwe chinhu, kana kuita chimwe chinhu chachingafananidzwa nacho. Zvino inzwi rekuti "Elohim" rinoratidza chinhu chinobatika chimwechete uye chakakosha kudarika chimwe. Inzwi rwokuti " EL" rinoratidzwa mumagwaro kanodarika ka500. " Elohim " rinovanikwa kanookwanisa kusvika ka300. Zvichitaridzei?

Mashoko raMwari inzwi iri rinotaura zvinhu zvitatu asi zvakabatana mukutanga kwazvo. " Chinzwa Isiraeri, Jehovah Mwari Wedu, ndiJehovha mumwe cheye" ( Doteromio 6:4). Zvakare muchirungu inzwi iri, rinoshandiswa richiratidza chinhu chisina kufanana nechimwe chachingafananidzwa nacho, asi tikatarisa muchiHeberu zvinonzi " Inzwa iwe Israel: Mwari [Jehovha: singular muchirungu, zvichireva zita remunhu] Mwari vedu[ Elohim plural muchirungu ] mumwe chete ! [ MuchiHeberu: inzwi rekuti ' Achid' rinoreva kubatanidzwa ( kubatana) kwete kwechinhu chimwechete]. Zvoreva kuti ndima iyi inoratidza humwechete, mukubata pamwe nekuva nechinangwa chimwechete nehunhu nekunzwisisa Mwarimutungamiri.( Godhead). Tikatarisa zvaiitika mashoko raMwari tikaverenga zvakaisvonaka, tinoona vanhu vatatu ari Mwari mumwe chete. Kunyangwe muna Genesisi 1:1,2, tinoverenga " Pakutanga Mwari "[ Elohim: Godhead ], ndima iyi yekutanga inoratidza Mwari ari Mutungamiri, Musiki, ndima yechipiri inoti, Mweya vaMwari vakange uchigara pamusoro pemvura. Uye Johane 1:1-3, inoti, " Pakutanga Shoko rakanga riripo, Shoko rakanga riri kunaMwari, Shoko rakanga riri Mwari. Ireri Pakutanga rakanga riri kunaMwari. Zvinhu zvose zvakaitwa naye, kunzwe kwake hakuna kuitwa kana chinhu chimwe chete chakaitwa". Mukuenderera mberi nendima yemukati 14 "Shoko rakazova nyama, rikagara pakati pedu, takaona kubwinya kwake, kubwinya soko wakaberekwa, mumwe chete waBaba) azere nenyasha nezvokwadi". Ndiwo maudziro atinoudzwa akaitwa nyika navo, Mwari Mutungamiri mumwechete uyo akazvidurura pachezvake ( vaFiripo 2:5-8), akaberekwa semwanakomana vemunhu, uye ari Mwanakomana vaMwari Mumwe chete - Mwari panyama. Pakutanga kwenhorondo yaJesu, rinoverenga munamato Mateo 1, uye Ruka1: 26-38, kuti Mwari akatuma ngirozi Gabrieri kuti anotaurira Maria kuti achazvara mwanakomana kubudikidza nemimba yaaizopihwa neMweya Mutsvene, uye Mutsvene aizozvarwa aizodanwa kuti

Mwanakomana vaMwari. Zvinonzi mutsvene uyo, anonzi Mwanakomana vaMwari, achigara Mwari, saMwari, mumavambo achigadzira Nyika.  Ndipo apo tinoona Utatu uchitaurwa mukugadzirwa nomukuzvarwa kwenyika.  Apo Jesu anobapatidzwa tinoona Zvakare tinoona Zvakare Utatu uyu: Mwari achitaura ari kudenga achiti, " Uri Mwanakomana vangu vandinodisa mauri ndinozadziswa." Panguva imwechete Mweya Mutsvene "..... Mweya Mutsvene akaburukira pamusoro pake nemufananidzo vakafanana sewenjiva, ....." Ruka 3:22). Muna Isiah 42:1 tinoverenga tsamba yechiporofita chaMwari: Tarirai muranda vangu wandinotsigira, mutsvanangurwa vangu

anofadza Mweya vangu. Ndakaisa Mweya vangu pamusoro pake, achavigira marudzi kururamiswa". Zvakare ndima iyi inoratidza hutatu hwaMwari Mutungamiri.

Basa raMwari muutatu.

Sevanhu kasikirwe jedi kakafanana, nokudaro takasukwa nomufananidzo vaMwari uyo akatisika. Hutatu huri panaMwari Mutungamiri vakafamba masikirwo avo:  Kururama. Asi kushanda kwavo kwasiya. Genesisi 13, ” gwayana rakange riripo kubva mukuvabwa kwenyika " inotaura zvaKritsu nehuhwepo hwake. Izvo zvinotiratidza hurongwa hwaMwari kuvanhu vake, hurongwa hunerudo kuvanhu vake vaakasika. Nokuda kwekugona kwavo kuona kufamba kwenguva nekuziva zvinhu zvose. Mwari akanga akadaro chivi chikauya munyika. Chinangwa chekusikwa kwemunhu kuti pave nesimba rekusikwa, kugadzira zvakafanana nemufananidzo Vake.  Chivi chikazova chidzitiro cheparadzaniso, saka zvainge zvakakosha kunaMwari kuti aite zvose zvingadiwa kubvisa chidzitiro ichi.

Ndechipi chipiriso chaifanirwa kuitwa kuti chikwanise kukunda chivi ichi? Zvose zvakaitika pamuchipiriso chakashandiswa zvinotaura mubhaibheri. " Inzwi "  rakavamurevereri pakati paMwari nomunhu. "Anodanwa kuti inzwi regwayana" " Mutumwa vaMwari", "ngirozi yebudiriro " muTestamente Yekare. MuTestamente Itsva,  inzwi rakazvarwa pakati pavanhu semwanakomana vemunhu, uye Mwanakomana vaMwari, Jesu Kritsu akagadzirwa pazvinhu zvose Saiye nehama (vaHeberu 2:17), uye akatendeka kuna Baba, "vakamutuma" ( vaHeberu 5:8,9).

**Mubairo vezvii rufu** ( vaRoma 6:23). Hatingati Mwari akatendeka kana ekasatonga vanhu maringe nemabasa avakabata. Izvi ndizvo zvakasakisa rufu rweMwanakomana. Rufu rwekusuka zvivi zvavo, kuti vachene vave nehupenyu kubudikidza nokuda kwaJesu Kritsu. Anotitora kuhumambo vake hweupenyu husingaperi kana tichinge taita zvakanaka ( vaRoma 8:17).

Zvisingareve kuti akanga asisiri "Mwari ". Asi kubva pakuvabwa kwenyika, hurongwa uhu hwakaitwa

uye hukashadiswa kuti vatadzi vaitwe vana vaMwari kubudikidza nehumwanakomana hwaKritsu, Mwanakomana vake vekutanga panyama. Naizvozvo, Mwari Baba ndiye mutumi,  Jesu Kritsu ari mwanakoma vaMwari namuponesi. Uye Mweya mutsvene, Ko basa raMweya Mutsvene  nderei?

Kubudikidza neMweya Mutsvene, kwakaita Kritsu ave Mwanakomana vaMwari,  kubudikidza neMweya Mutsvene kwakaita kuti tikwanise kuberekwa patsva Mamvura yerubapatidzo sevana vake ( 1 Vakorinte 12:13). Mweya Vakagara munaKritsu vakamusimbisa kuita basa rake ( Johane 3:34), kubva panguva iyo yatakazvarwa mumhuri. Akagara mukati memaKritsu. ( vaRoma 8, vaEfeso 3:14-21), akatumwa naKritsu kuzotisimbisa, kuti ave murevereri vedu kuna Mwari, nekutiita vapenyu kunaMwari paMweya.

Hazviite kuti pfungwa dzemunhu akasika dzinzwisise pfungwa dzaMwari akamusika, asi kudzidza Shoko rake kunotiratidza kuti ariko anorarama, ane simba nerudo risingaenzaniswi ranaro kuzvisikwa zvake.

# World Evangelism Tracts